Ассаламу гIалайкум!

ГЪУДУЛЛЪИ ДРУЖБА

БОЛЪИХЪ РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

№ 75-76 (9978-9979) | 26 октябрь | Рузман | 2018 сон

ГЪУДУЛЛЪИЯЛЪУЛАБ САПАРГУН

Гьал гIагарал къоязда нилъер районалде бачIун букIана гьудуллъигун вацлъи рагIинабизе къасдгун, къоабилеб гIасруялъул Гомерилан М. Горькияс жинда абурав шагIир Сулейман Стальскиясул цIар лъураб, районалъул делегация.

Гьалбадерида дандчIвай гьабизе районалъул маданияталъулгун хIухьбахъияльул КIалгIаялде ракIарун ругоан Болъихъ школазул цIалдохъабигун мугIалимзаби. Данделъи рагьана районалъул культураялъул управлениялъул начальник Лейла Джабраевалъ ва, гьалбадерие саламги кьолаго, сайгъат гьабуна гьезие «Болъихъ» кьурдул ансамблялъул церерахъин. Гьалбалги хIадурун ругоан нилъгун дандчIвазе.

(Ахир 3 гьум.)

БАРКУЛА!

Дагьал церегIан къоязда Кьохъ районазда гьоркьосеб больницаялъул бетIерав тохтурлъун тIамуна нилъерго ракьцояв РахатIаса ХIизбулаев ХIизбула ШагIбанович.

ХIизбулаца цIалун лъугIизабуна Самараялъул рагъулабгун-медицинаялъул институт (сах гьариялъул факультет).

2009 соналъ цIалана интернатураялда, «Общая врачебная практика» абураб махщалие.

2009 соналдаса 2018 соналде щвезегIан, къотIи-къаялда рекъон, Марий-Эл Республикаялда рагъулаб часталда хъулухъ гьабуна. Гьев вукIана медицинаялъул хъулухъалъул начальниклъун.

Сентябралдаса нахъе хIалтIулев вуго Кьохъ больницаялда бетIерав тохтурлъун.

Вуго ригьнада,тарбия кьун гIезавулев вуго вас.

Баркула, ХIизбула, мун гIагараб районалде тIад вуссин.

Халкъалъе пайдаяб ва баракатаб батаги дур захIматаб, амма хIурматияб хъулухъ.

КИНХА РУГЕЛ ХЕЛКЬАЛ

Москваялда Красная площадь гIадаб бакI буго Болъихъги, киналго кIвар бугел данделъаби тIоритIулеб, гьаб майдан. Мавзолей гьаниб гьечIоха, амма районалъулго цIикIкIарасел чара гьечIого инсанасе хIажатал идараби гьанир руго.

Редакциялъул гордухъан балагьидал, гьенир хъатинир лъурал гIадин рихьула, гIедегIун унел, гIарзагун щварал, щивниги вачIинегIан ралагьун чIарал, гьединго, гьабизе жо гьечIого «гIомо» борлълъулелги чагIи. Гьенив вихьана дидаги Хелекьури росдал бетIер ТIалхIат Нажмудиновги гьесда сверун ункъо-щуго гьесул росуцоявги, сундулалиго бицун, гара-чIвариялда.

Дица салам кьуна ва, гьелъие жаваб щвелалдего, кинха ругел Хелкьалин гьикъана. Гьеб нужеца бицунеб букIарабги ва тIадеги жубан бицине редакциялде рахани лъикI гьечIищан абидал, ТIалхIат разилъана. Диргони хьул букIана гIемерал гIунгутIабиги рагIилин, гIарзалги рукIинилан. Амма Коммунист партиялъги комсомолалъги куцарав патриотас цо хIур хъвазе течIо хIукуматалдаги райком партиялдаги. Гьесул цогIаги рагIи камизе биччачIого, кинабго дицаги къалмиде босана.

-Бицеха ТIалхIат, рагIи дуе бугин. - Галица борцун лъим бикьун ругьунал хелкьадерица щибха бицинеб, лъедасан байбихьизе ккелаха. Нижер росдада сверухъ ичIго ицц буго, букIани щиб, гьарзалъи гьечIони гьенисан чвахулеб лъадал. Лъадал нахърател букIинеян гьабураб хIавуз буго росдада тIад, щунусго кубометр жаниб унеб, жо ккечIо- гьел ицца гьеб цIолареблъи бичIчIана ва, 1800 метра халалъи бугел рогIралги росун, ГIалахъан бачине ккана гьеб нигIмат. Мелиорациялъул Министерствоялде ана, лъел магIишаталде ваккана, жидехъан щибго жо гьабун бажаруларебли бичIчIизабуна.

Республикаялъул бетIер Васильевасухъе хъвана, гьес премьер Здуновасухъе битIана, ахирги тIад буссун нилъерго районалъул бетIерасухъе бачIана. Доб некIо гIадин галица бикьичIониги, лъедалъун хелкьал жакъаги къварид руго.

(Ахир 2 гьум.)

ЛЪАЗАБИ

Микрорайоналда бугеб спортивияб КIалгIаялда 27-28 абилеб октябралда тIобитIизе буго нилъер машгьурав гугарухъан Пекиналъулаб Олимпиадаялъул гIарцулав призер ГIабдусаламов Юсуп Рашидовичасул цIаралда бугеб турнир.

Турниралда гIахьаллъизе гIарзаби рачIун руго ичIго хIукуматалдаса 160 гугарухъанас.

РачIа нилъецаги гьаризе гьезие къуват, къвакIи ва къо хIехьей.

Къуват бергьина, битI ккарал рохила, рохалилаб гьеб байрам нилъеги ракIалда чIолеблъун хутIила.

РакI-ракIалъ гьарула гьезул щивасе къецазулъ чIел боси.

(Авал 1 гьум.)

-Нухал кинха ругел Хелекьурире?

- Аллагьасе рецц, нухал, цереялде дандеккун, квеш ругин абизе бегьиларо. Гьале кIиго сонги бащадабги буго дун росдал бетIерлъун вищун. Росулъалдасан районалда гIемер вукIине кколаха камураб-тараб балагьулев, батулев, тIалаб гьабулев. 1989 соналъ ГIалахъан сверун бахъараб цIияб нух буго нижер гьеб. ЦIад-гIазу базегIан мадаралда букIуна. Нагагьлъун чваххун цIад бани, чура-хулун, нижер гъинги гъобе биччараб харжги кIкIалахъ речIчIула. Гьаб бакIалдаго баркала кьезе бокьун буго нухазул участкаялъул нухмалъулев АхIмадие, ХДСУялъул начальник МухIамадрасулие- раснигн мухьги босичIого, нижер росдае кумекалъе хIажатаб техника биччана нижеца абураб къоялъ.

-ГIадамазул пикру бугоха ТIалхIат, бюджетги буго, харжги буго, хвезабулеб гIарацги бугоян. Бихъарас букъе къохьол зобилан, рехун тун гьечIодай гьез мун?

-ГьедигIанго магIна гьечIел гIадамалги гуроле хелкьал. ГIадамал ругелгIан заманаялъ гIарзалги камиларо, киназулго кIалал рукъун дихъаги бажариларо. Бюджет бугоха, гIурусаз абухъего, «Кот наплакал» абураб. Гьелда божун чIанани, гьабун жоги рагIалде бахъинаро. Бюджеталъе биччараб лъабго миллионгун микьнусазарго гъурщил, цин, бачIинахъего, миллион ана нухазе. Харжал кьезе ккола, камураб-тараб балагьизе ккола, харж гьабизе гуреб бакI батуларо. ГIадамазда ккола, килищ хъвачIого доб гIарацги тун, дун гIодов чIун вугилан. Гьелде тIадеги администрациялъги квер гьари нахъ чIваларо. Росулъги руго сахаватал гIадамал, мисалалъе рехсезин Дибиров ИманахIмадгьес, бетонги тIун, къачIана росулъ цо къватIалъул гIезегIанго манзил. МухIамадов Салимицаги жидерго авалалда къачIана нух. Росулъ квер кьезе руссунеб бакI гьабуна, хIор къачIана, «ГохIтIа» абураб рахъалде нух бахъана (цIар халкъияб нухилан абула гьелда). Гьениб лъикIаб хIаракат бахъана росдал депутатал ХIажиев МухIамадица, МухIамадов Мурадисица ва киналго росдал гIолохъабаз.

-Росдал гIолохъаби щибулелха ругел?

-ХIалтIи гьечIолъиялъ, щваращваралъуре унаха хинкI бахъизе. КIалдиб борта багIаргIечилан чIолеб заман гьабги гурелъулха. Аслияб жо гьездасан воххи буго. Росу суризабун, гьелда тIанкI лъун, гьелгьедулел рукIунаро.

-Культура кинаб къадруялдаха бугеб?

Культураги бугоха, киса-кибего гIадин, гIолилал гьенирги руссун расанкIаби хIазе регIун гьечIо, рачIаразул ракIал разилъуледухъ шартIал чIезарун руго. РакI-ракIалъ абуни… бицине гIадаб разияб хIалги гьечIо. Цебе ахикь-хуриб хIалтIи камулароан, бекьичIого ракь тани, рогьо букIана. Гьанже гьеб «в прошлом». ГIи-боцIи хьихьиги рехун тана, харилги рецулги биценги лъугIулеб буго.

-Гъутаналдаги кIудияб росу гIуна нужер, божа-бокьи, хурхен кинаб бугеб гьезулгун?

-Лъабго-ункъо къоялъ цебе гьениб тIобитIана нижер росулъа микьго ОМОНалъулав чIвараб къо ракIалде щвезаби. Цебе гьеб гьаниб магIарухъ тIобитIулаан, исана гъоба гьабуна. Гьезие бараб памятникги буго гъоба. Гъоба абун рикIкIад гьарулев гуро дун, гьелги нижги цого росулъа, цо гIагарлъи, цого жамагIат Хелкьал руго. Цого росу, цого цIар. ЛъикIалъеги квешалъеги кидаго цадахъ. Гъобго тадбиралъул бицунаго, тIаде жубазе бокьун бугомажлис рагьана школалъул директор Мусаев Расулица ва гIуцIарухъан ГIабдулаева Мадинаца. Памятникалда цебе тIобитIана киналго ракIалде щвезари. Гьебго къоялъ гьабуна мавлид, гьел чIваразул цIаразда тIоритIана спортивиял хIаялги.

-ХIалтIи-пиша кинха бугеб гъутан-утаралда?

-«Гъутан-утар» абун рикIкIинчIого дуца суал кьуниги, росу гIуна гъоба, нусиялда лъабкъого цIараки буго. Буго школа, ФАП, СПК «Хелетуринский», «Хельмо» абун насосал гьарулеб мини-заводги. Къоло щуго чи хIалтIудалъун хьезавун вуго гьеб заводалъ. Гьелъие кIудияб къуватги харжги биччан нухмалъи гьабулеб буго МухIамадов МухIамад ГIумархIажиевичас. СПК «Хелетуринскийги» районалда бищун лъикIазда гъорлъ рехсолеблъун лъугьинабуна бажари-лъай бугев цевехъан Назиров ХIажимурадица. Ракь буго ижараялъе кьун, гьенир рекьула ражи-пер, хъарпуз-пастIан. Пайда босичIого рокьоцин ракь тун гьечIилан абунани, мекъи ккелароха.

-ТIалхIат Каримулаевич, цебе, доб Совет хIукуматалъул заманалда, нужер букIана цIар араб росу- цIалиялда тIад чIараб, гIелму хирияб. Жакъа кинха бугеб цIалул рахъги, цIалудехун хурхенги?

-Рехун тунги гьечIо. Рихха-хочараб заман бачIиндал, гIемерисел шагьаразде гочана, рагIула гIагарлъи-божилъиялдасан васнигн ясниги аспирантураялде рорчIи, институтазде цIализе лъугьин. ЦIар араб росу букIанаха цо бакIалда гъункун, магIарухъ ругеб мехалъ, гьанже цIияб хабарлъунги ругьеллъунги щолаха нижехъе нижеразулго бергьенлъабигн, бачIунеб гIелалъул лъай-тарбиялъулги биценги.

-Токалъул квекIенлъабазул бицеха, гьури-муч гIемераб борхалъуда ругелъулха нужги?

- БитIараб бицани, зодоб накIкI баккарабго, ссуна нижехъ гьеб.

1967 соналъго чIварал хIубал руго росулъ. Рортун иналде ккун, турун тIаде рахинеяли кин гурин, кваралцин хIехьолареб хIал буго. ХIал дагьаб трансформаторги буго. Тезе кIолароха районалдаса чи вачIизегIан бецIго росу, росула хIажатал-тарал жал нижецаго, цIехолаха сурсат-алат. Жакъа къоялде 15 къватI къалъизабулел чирахъал лъуна росулъ. Эхедеги руссун, Аллагьасдайищха гьарделел?!

-Росдал будун-дибир дагIбаялъейищ ратулел, кумекалъейищ раккулел?

-КIудияб квербакъиги вагIзанасихIатги щола гьездасан. Гьабулеб ишалдаса нахъе кIанцIун чIей букIунаро гьезул, гьелъул гIаксалда, гурун рукьгун, ратула кумекалъе. Кинабго дандбала. Росдал бетIерасулги жиндирго, кинабго дандбалеб, лъутIа-къотIулеб, анцIго чиясдасан гIуцIараб гIакълучагIазул гIуцIиги буго. Киналго цо кIалдисан гIадин кIалъан гуреб, гIаммаб хIасилалде руссунаро.

- Газ бачиналъ чIаголъи кинабха гьабураб росдае?

-Росдаеялдаса рохьалъе щвана эркенлъи- цIул къотIизе унаро, цIа бакизе кколаро, рохъо- хIурги тIагIана, тIабигIатги цIилъана. ЛъикI буго, АлхIамдуллилагь!

-Школалъул суал ахиралде бахъун тун букIана, гьеблъидалха киналъулго аслу, гьенисан щола лъай, тарбия, гIакълу ва хьвадачIвадизе лъай. Дирго къиматха, къадру-къо-асс бугей гIадан йихьула гьей директорги, гьайгьай, гьениб хашаб низамги букIине кколароха?

-Росулъ СОШ букIаниги, лъимал дагьал руго. 65 гурони цIалдохъан гьечIо. Гьеб цо рахъалъ лъикIилан таниги, цойги рахъалъ квешги кколарищха. Киналдего квер що лей, кибехунго бер гIунтIулей, гIаданлъиги цIунарай, гIамалалъул рахъалъги жийго мисаллъун чIолей гIадан йиго Нажмудинова Раисат. Гьелъ школа хьезабун буго щибаб предметалъе махщел бугев хассав мугIалимги валагьун. Ва цойги роххизе ккараб хIужагиха- цогIаги росу тун къватIиса специалист валагьизе ккечIо. Школалда квекIеналги камилищха, кидаялиго чIунтараб школалъул бакIалда вагоналги рачIун, жакъаги гьенир санагIалъаби гIуцIизе ккедал. Вагоназда сверун къед гьабунаха, гьабун нижехъа бажарараб хIалалда. Спортзалги бугоха. Амма суалалги дагьал гьечIо…

- Гьалдалъун лъугIун танани лъикI букIинародай, ТIалхIат, тIадеялдаса-тIаде суалал суравалде руссинчIого?

- РачIаха бачIинахъего кинабго къватIибе гьурщичIого тезе. ТIаде-хариялдеги харбие ва бахIсалъе батилебин мушавара.

Гара-чIвари гьабуна
М-Р. ГъазимухIамадовас

Колонка прокурора

Административная ответственность за нарушение сроков представления налоговой декларации

Исходя из ст. 80 НК РФ, налоговая декларация представляет собой заявление, содержащее наряду с прочей информацию об исчисленной сумме налога. Составив налоговую декларацию, налогоплательщик обязан уплатить в бюджет сумму исчисленного в ней налога одним из способов, предусмотренных в п. 3 ст. 44 НК РФ. В свою очередь, уплата налога - это отчуждение принадлежащих налогоплательщику на праве собственности (хозяйственного ведения, оперативного управления) денежных средств (ст. 8 НК РФ). Иными словами, лица, подписывая налоговую декларацию, инициируют обязательную процедуру, направленную на распоряжение денежными средствами налогоплательщика в счет уплаты налогов, т.е. осуществляют административно-хозяйственные функции.

Данный документ представляется каждым налогоплательщиком по каждому налогу, подлежащему уплате этим налогоплательщиком. На основе налоговой декларации и действующих налоговых ставок налоговый орган осуществляет контроль за величиной налога, подлежащего уплате.

Декларация представляется в установленные законодательством о налогах и сборах сроки. Обязанность представления налоговой декларации и конкретные сроки ее представления определяются отдельно по каждому налогу.

За нарушение сроков предоставления налоговой декларации ст. 15.5 КоАП РФ предусмотрена административная ответственность.

Нарушение влечет наложение административного штрафа в виде предупреждения или наложения административного штрафа на должностных лиц в размере от трехсот до пятисот рублей.

Целью данной статьи является защита общественных отношений, связанных с оплатой налогов на основании налоговой декларации и в области налогового контроля.

Прокурор района,
советник юстиции
Д.А. Джабраилов

(Авал 1 гьум.)

Лезги мацIалдабугониги,гьезул кучIдузухъ гъираялдав гIенеккун рукIана цIалдохъабигун мугIалим заби.

Жакъа заманалда жиб къанагIатаб къасдалъулги сапаралъулги мурад загьир гьабун кIалъазе вахъарав, гьеб къукъаялъе нухмалъи гьабулев, МахIмудов МахIсутIица бицана магIарулаздаги лезгияздаги гьоркьоб бугеб ва некIоги букIараб бухьеналъул, билизе течIого нилъецаги гьеб цIунани, букIинесеб пайдаялъул. - Цоги жо щай, кIудияв Имам Шамилил рухIиявгун гIелмияв тарбиячи ва мугIалим МухIамад Ярагъиясул магIарулазде лъик1аб пикру бук1иналдаса. Балъхъадеридехун хассаб рокьиги ракIжубайги бижана гьей хIеренай, хIалимай гIаданалдехун, жакъа къоялдаги нужер бугеб ракIбацIцIадаб балай бихьидал. ХIакъикъаталдаги г1емерал соназ муг1алимлъунги Болъихъ №1 гьоркьохъеб школалъул директорлъунги х1алт1ана гьей гьайбатай лезгиязул яс, г1емерал ученикал рук1ана гьелъул нилъер районалда. Жакъасел педагогазда гьоркьорги ратана гьел- ГIиса Камилович, СултIан Расулович. КЦСОНалъе нухмалъи гьабулев ГIусманов МухIамадрасул, жакъа хIалхьиялда вугев полковник МухIамаев Камил, ракI гьелдасан цIараблъи.

СултIан Расуловичасги абуна гьелда цадахъ хIалтIизе щвеялдасан жакъаги жив воххарав вугилан ва гьелдасан мисал босанин жинца сабурлъиялъе, недегьлъиялъе, лъималазе лъай кьезе гьелъул букIараб гьунаралъе. Гьезул делегациялъул учительзабазул къокъаялъе нухмалъулей йигоан, жийго гIолохъанай йигониги, гIелмуги бугей, гIаданлъиги цIунарай, унго-унго мацI батIияб букIин гурони жий нилъедаса ятIа яхъизе лъазе йикIинчIей, Жасмина Камиловна ГIабасова.

Гьелъ бицана жинцаго нухмалъи гьабулеб Новомакиялъул

букIараб цIайиялъул рехсаниги гIола нилъее,-йилан абуна МахIсутIица.- МагIарулал-гьеб буго мугIрузда гIурал, гIумру гьениб тIамулелщинал киназдего абулеб цIар. Машгьураб Шалбуздагъги нижер доба буго, Дагъистаналда бищунго борхатаб Къуруш росуги добасаккола. РакIалде ккола нилъер Авар ва Лезги миллатазда гьоркьоб ккараб гьаб гьудуллъиялъ нилъ ракълидегун ва цоцалъ гъункиялде рачинилан. Дагъистаналда кIиго кIудияб миллат цолъани, нилъ къуркьизаризеги кIвезе гьечIо ва, гьединго, нилъедасан мисалги босун, цогидалги цолъилин хьулги буго. Ниж чIухIарал руго нижер миллатцояй ва районалдаса гIадан, педагог жиндир мунагьал чураяй Асият Мирзœевналъ т1олабго г1умру нужер лъималазе тарбия-лъай кьеялъе сайгъат гьабиялдаса ва гьелъул рахъалъ нужер кутакалда МЧСалъул хIалтIухъан Аминов ГIабдухIамид, МухIамадов АхIмаднаби- гьелги ц1а-лун руго А.Мирзœевалда цере. БакI ккун букIадго абун тела-МухIамаев Камилидасан байбихьун аслу лъун буго гьаб гьудуллъиялъулаб сапаралъе. Палх1асил, Сочиялда дандчIвала кIиго дагъистанияв. КIиялго ратула хIухьбахъиялда ругел офицерзаби, полковникал. Хабар-кIал кIудияб гьудуллъиялде сверана ва гьоболлъи цоцаде бугъана. Гьабунани батулеб жо буго гьудуллъиги гIагарлъиги, нилъехъе бегьараб ракълилаб квер къвакIун босизе тIадаб буго, Гьедин ккезеги ккана.

Болъихъ тIоцебесеб школалъул директор Камил Окиевас ракIалде щвезабуна жиндирго школалъулаб гIумру, гIакъилай педагог Асият Мирзœевналъул дарсал ва жиндирго мугIалимлъиялде гьоркьохъеб школалъ цIалулъ росарал чIахIиял бергьенлъабазул, исана щвараб анкьго медалалъул, республикаялъулаб ва ТIолгороссиялъулаб олимпиадабазда жидерго гIахьаллъиялъул. Гьелъ чIухIун, кIудияб трибунаялдасан гIадин, рехсолел рукIана хIужжаби…

Гьелъул кIалъай гьоркьоб къотIизабураб гIадин, махсаро хIалай ккун, МахIсутIица абуна:

- Жасмина Камиловна, «ракъарал гIачиязе зурма гIадаб жо гьеч1илан магIарулазул аби бугилан бицун букIанагури дица нужеда, гьединлъидал рачIа, цебе лъураб нигIматги хIанчIулаго, нилъерго Валентиниеги рагIи кьезе.

Гьезул коллективгун вугоан Валентин Эмировги…У,у, унго-унгояв дов Совет Союзалъул БахIарчи летчик Валентин Эмировасул хIурматалда цIар лъурав Эмировги.

Гьес рачана кларнеталда ва лалуялда ракI-хIеккинарулел магIарул макънал.

Балъхъадерие ракI-ракIалъулаб баркалагун калам гьабизе яхъана мугIалим Маисат ГIалиевна. Гьелъ жидерго жамгIияб къукъаялъул бицана, Сугъралъе гьабураб сапаралъул баян кьуна. Гьенив вукъун вугев МухIамад Ярагъиясул шапагIат киназего щвагиян мушавара гьабуна.

Нилъерго «Болъихъ» РВКялъ бахъана фильм, гьебги гьал гIагарал къояз бихьила телезрителазда. Нилъедасан жалго цере ккун рукIин ва ракI-ракIалъ гьабулеб гьоркьоблъи лъан букIине, гьалбадерицаги бачIана жидерго телевидениялъ бахъараб фильм нилъее. Гьеб интернеталдаги буго.

Доб «ГIандадерил буртина» абураб фестивалалда нилъер гIадамаздасан жидерго бук1араб разилъиги нилъедехун бугеб кIудияб божилъи загьир гьабун буго гьенибги МахсутIил кIалъаялъ.

Фестивалалдаги гьезул букIана кIудияб хIаракат, дандчIвай гьабуна гьезул газеталъул редакторас нилъер редакторасулгун. Руго гьебго фильмалда кIиго махщелцоясул цоцадерикьулел «балъголъабиги». Вацилан аскIове вачIарав, тушманилан лъицаха нахъ чIвалев?! РачIун руго гьалбалилан, гьаруна къабул, бегьана квер саламилан, босана баракатаб батагиян. Божилъи гуреб рекIелчIейги буго кIиго кIудияб миллаталда гьоркьоб гьудуллъиялъул кьоялъе сакI лъунилан. Сухъмахъ нух шагьраялде сверараб гIадин, гIатIилъаги нилъер гъункиги щулалъиги.

Гьоркьоб тезе бегьулареб, гьез азарцIул рехсараб, Сулейман Стальскиясул цIар жидер районалда лъезе Расул ХIамзатовас бахъараб хIаракаталъулги бицунго лъугIулеб букIинчIо.

Гьалбал нухда регIизе росдал рагIалде «Хъачикь» майданалде ракIарана. Лъималазда батана жидерго гIаммаб мацI, гIолилал лъана цоцал, цогидаз борцана нилъер ракьалъул тIабигIаталъул гьайбатлъи. Гьенибги жубана кIиго мацIалъул бацIц1адаб ракълилгун рокьул рохалил кечI. АхIмад ГIабдулхIалимовасги Валентин Эмировасги бачана магIарулазул Гимн ва, горудеги руссун, гьеб ахIана киназго.

Адам АВАРАВ

С 1 января 2019 года вступит в силу закон о поэтапном повышении пенсионного возраста

Чем больше детей, тем раньше на пенсию Для многодетных матерей пенсионный возраст повышать не будут. С 1 января 2019 года вступит в силу закон о поэтапном повышении пенсионного возраста. Согласно ему женщины будут выходить на пенсию в 60 лет, мужчины – в 65. Однако отдельные положения закона предполагают более ранний выход на пенсию для женщин. Это касается многодетных матерей. Так, женщинам, родившим пять и более детей и воспитавшим их до достижения ими возраста 8 лет, пенсионный возраст повышаться не будет, и сохранится на уровне 50 лет. Кроме того, согласно, принятому закону право на досрочный выход на пенсию появилось и у многодетных матерей с тремя и четырьмя детьми. Если у женщины трое детей, она сможет выйти на пенсию на три года раньше нового пенсионного возраста с учетом переходных положений – в 57 лет. «Если у женщины четверо детей – на четыре года раньше нового пенсионного возраста с учетом переходных положений – 56 лет. При этом для досрочного выхода на пенсию многодетным матерям необходимо выработать в общей сложности 15 лет страхового стажа»,

– поясняют в ОПФР по Республике Дагестан. Напомним, изменения будут происходить поэтапно — пенсионный возраст будет повышаться с 2019 года ежегодно на 1 год, кроме первых двух лет, когда будут действовать льготные условия по выходу на пенсию— на 6 месяцев раньше срока, установленного новым законом. Окончательные значения для мужчин и женщин (соответственно 65 и 60 лет) будут установлены с 2023 года.

ОБЪЯВЛЕНИЕ

о проведении конкурса по отбору кандидатур на должность главы сельского поселения «село Ашали»

Собрание депутатов сельского поселения «село Ашали» объявляет конкурс по отбору кандидатур на должность главы сельского поселения «село Ашали».

Организация и проведение конкурса осуществляется конкурсной комиссией, созданной решением Собрания депутатов сельского поселения «село Ашали» от 18.10.2018 г. № 4 и распоряжением главы МР «Ботлихский район» от 22.10.2018г. № 16-р.

В соответствии с решением Собрания депутатов сельского поселения «село Ашали» 18.10.2018 г. № 4 конкурс состоится 27.11.2018 г. в 10 час. 00 минут по адресу: Ботлихский район, с. Ботлих, ул. Центральная, 130, здание администрации муниципального района «Ботлихский район», 2 этаж, кабинет первого заместителя главы администрации.

Место и время представления документов, необходимых для участия в конкурсе, ознакомления кандидатов с нормативными документами и получения бланков документов установленного образца: 368970, Ботлихский район, с. Ботлих, ул. Центральная, 130, здание администрации муниципального района «Ботлихский район», 2 этаж, кабинет руководителя аппарата Собрания депутатов муниципального района «Ботлихский район», в рабочие дни (понедельник-пятница) с 09 ч. 00 м. до 12 ч. 00 м. и с 13 ч. 00 м. до 16 ч. 00 м.

Срок представления документов устанавливается с 27.10.2018 г. по 17.11.2018г.

Дополнительную информацию о конкурсе можно получить по телефону: **8(87271) 2 20 45.**

Условия проведения конкурса, процедура проведения конкурса и приложения из Положения о порядке проведения конкурса по отбору кандидатур на должность главы сельского поселения «село Ашали»

Условия проведения конкурса

Право на участие в конкурсе имеют граждане Российской Федерации, достигшие возраста 18 лет.

Граждане Российской Федерации, имеющие гражданство иностранного государства либо вид на жительство или иной документ, подтверждающий право на постоянное проживание гражданина Российской Федерации на территории иностранного государства, вправе участвовать в конкурсе, если это предусмотрено международным договором Российской Федерации.

Иностранные граждане, постоянно проживающие на территории сельского поселения «село Ашали» (далее – сельское поселение), имеют право участвовать в конкурсе на тех же условиях, что и граждане Российской Федерации, если это предусмотрено международным договором Российской Федерации.

Гражданин, изъявивший желание участвовать в конкурсе, представляет в конкурсную комиссию следующие документы:

1) личное заявление на участие в конкурсе с обязательством в случае избрания прекратить деятельность, несовместимую со статусом главы сельского поселения по форме согласно приложению 1 к Положению о порядке проведения конкурса по отбору кандидатур на должность главы сельского поселения «село Ашали», утвержденному решением Собрания депутатов сельского поселения «село Ашали» от 02.11.2015 г. № 3, (далее - Положение).

В заявлении указываются фамилия, имя, отчество, дата и место рождения, адрес места жительства, серия, номер и дата выдачи паспорта или документа, заменяющего паспорт гражданина, наименование или код органа, выдавшего паспорт или документ, заменяющий паспорт гражданина, идентификационный номер налогоплательщика (при наличии), гражданство, сведения о профессиональном образовании (при наличии) с указанием организации, осуществляющей образовательную деятельность, года ее окончания и реквизитов документа об образовании и о квалификации, основное место работы или службы, занимаемая должность (в случае отсутствия основного места работы или службы – род занятий).

Если кандидат является депутатом и осуществляет свои полномочия на непостоянной основе, в заявлении должны быть указаны сведения об этом и наименование соответствующего представительного органа. Кандидат вправе указать в заявлении свою принадлежность к политической партии либо не более чем к одному иному общественному объединению и свой статус в этой политической партии, этом общественном объединении при условии представления вместе с заявлением документа, подтверждающего указанные сведения и подписанного уполномоченным лицом политической партии, иного общественного объединения либо уполномоченным лицом соответствующего структурного подразделения политической партии, иного общественного объединения.

Если у кандидата имелась или имеется судимость, в заявлении указываются сведения о судимости кандидата, а если судимость снята или погашена, - также сведения о дате снятия или погашения судимости.

2) К заявлению прилагаются:

копия паспорта или документа, заменяющего паспорт гражданина;

копии документов, подтверждающих указанные в заявлении сведения об образовании, основном месте работы или службы, о занимаемой должности (роде занятий), а также о том, что кандидат является депутатом.

3) сведения о размере и об источниках доходов кандидата, а также об имуществе, принадлежащем кандидату на праве собственности (в том числе совместной собственности), о вкладах в банках, ценных бумагах. Указанные сведения представляются по форме согласно приложению 2 к Положению.

4) согласие на обработку персональных данных согласно приложению 3 к Положению.

Указанные документы кандидаты обязаны представить лично. Документы могут быть представлены по просьбе кандидата иными лицами в случаях, если кандидат болен, содержится в местах содержания под стражей, подозреваемых и обвиняемых (при этом подлинность подписи кандидата на документах в письменной форме должна быть удостоверена нотариально, либо администрацией стационарного лечебно-профилактического учреждения, в котором кандидат находится на излечении, администрацией учреждения, в котором содержатся под стражей подозреваемые и обвиняемые).

Заявление и прилагаемые к нему документы принимаются конкурсной комиссией при предъявлении паспорта или документа, заменяющего паспорт гражданина (если в соответствии с пунктом 27 Положения уведомление осуществляется другим лицом, – при предъявлении нотариально удостоверенной копии паспорта или документа, заменяющего паспорт гражданина, удостоверяющего личность кандидата). Копия паспорта или документа, заменяющего паспорт гражданина, заверяется подписью лица, принявшего заявление, и прилагается к заявлению.

Конкурсная комиссия выдает кандидату письменное подтверждение получения документов незамедлительно после их представления с указанием даты и времени их приема по форме согласно приложению 4 к Положению.

По желанию гражданина им могут быть представлены документы о дополнительном профессиональном образовании, о присвоении ученой степени, ученого звания, о награждении наградами и присвоении почётных званий и иные документы, характеризующие его личность и профессиональную подготовку.

Прием документов для участия в конкурсе осуществляется в установленные сроки.

Сведения, представленные гражданином для участия в конкурсе, по решению конкурсной комиссии подлежат проверке в установленном законодательством Российской Федерации порядке.

Несвоевременное и неполное представление документов является основанием для отказа гражданину в приеме документов для участия в конкурсе.

